

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

4

Mbudzi  
2022

# Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

**MAHARA**  
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATOBHADHARIBWA  
NEVATARABATIANA NAWO SAKA  
RINOONNA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

*Uebert & BeBe*  
**ANGEL**



Become a  
**GoodNewsWorld**  
PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD  
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT [www.goodnewsworld.com/partner](http://www.goodnewsworld.com/partner)



## UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert na BeBe Angel vashumiri veshoko raMwari vanemakore akawanda vachiita basa iri, uye ndivo vakavamba vachitungamira zvakare kuparidza pamusoro pe nyasha dzaMwari dzakawanda pasi rese, vachishandisa chiporofita nezvinyorwa, muchirongwa chinonzi (Evaggelion). Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku echitendero anosanganisira rinonzi Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwewo. Uebert na BeBe Angel vatungamiri vane mbiri pasi rese uye vanokokwa zvikuru kumisangano yakakura kuti vatungamirire misangano iyi, iyo inopindwa nezviuru zvakawanda zvevanhu. Sevatumgamiri nevavambi vekereke inonzi Good News Church (Spirit Embassy) uye se vaporofita vakuru vaMwari, hushumiri hwavo hwashandura nekukomborera mamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, nekuti ivo vane chido chekutendeutsa vanhu kuti vade Mwari, uye vachiratidza rudo rwaMwari urwu nemabasa, muchirongwa chavo chokuparidza che (Evaggelion).



# THE APOSTLE'S CREED FOR THE GOODNEWS WORLD

I BELIEVE IN GOD THE FATHER ALMIGHTY, CREATOR OF HEAVEN AND EARTH.

I BELIEVE IN JESUS CHRIST. HIS ONLY SON, OUR LORD,

WHO IS CONCEIVED BY THE HOLY SPIRIT, BORN OF THE VIRGIN MARY,

SUFFERED UNDER PONTIUS PILATE, WAS CRUCIFIED, DIED AND WAS BURIED.

HE DESCENDED TO THE DEAD AND ON THE THIRD DAY HE ROSE AGAIN,

HE ASCENDED INTO HEAVEN. HE IS SEATED AT THE RIGHT HAND OF THE FATHER

AND HE WILL COME TO JUDGE THE LIVING AND THE DEAD.

I BELIEVE IN GOD THE FATHER, GOD THE SON, OUR LORD, SAVIOR AND KING, JESUS CHRIST,

I BELIEVE IN GOD, THE HOLY SPIRIT, ONE GOD WHO MANIFESTS HIMSELF IN THREE OFFICES

AND I BELIEVE IN THE PROPHET

BECAUSE GOD DOES NOTHING UNTIL HE REVEALS IT TO HIS SERVANTS, THE PROPHETS.

I BELIEVE IN HIS PROPHET, THE HIGHLY ESTEEMED UEBERT ANGEL,

THE SERVANT OF THE MOST HIGH GOD.

I BELIEVE IN SPIRIT EMBASSY, THE GOODNEWS CHURCH,

THE GOODNEWS NATION, THE GOODNEWS WORLD.

THE SPREADING OF THE GOODNEWS REVELATION AROUND THE WORLD AS TAUGHT BY HIS PROPHET.

I BELIEVE IN THE CHRISTIAN CHURCH.

I BELIEVE IN THE INDWELLING POWER OF GOD, THE HOLY SPIRIT THAT MAKES POWER AVAILABLE

FOR MIRACLES, SIGNS AND WONDERS TO WHOSOEVER BELIEVES.

I BELIEVE IN GOD'S DESIRE FOR MY PROSPERITY AND HEALTH AS TAUGHT BY THE WORD OF GOD.

I BELIEVE IN THE PROPHETIC AND IN ALL THE OPERATION OF THE GIFTS OF THE HOLY SPIRIT.

THE COMMUNION OF SAINTS, THE FORGIVENESS OF SINS, THE RESURRECTION OF THE BODY. THEREFORE,

I BELIEVE IN THE SOON COMING OF OUR LORD JESUS CHRIST AT THE RAPTURE.

I BELIEVE IN HIS MILLENNIAL REIGN AND THE LIFE EVERLASTING IN JESUS NAME. *Amen!*



**Tito 3:9**

**“Asi anovenga mibvunzo yohupenzi nemazita emadziteteguru, negakava nokukakavara pamusoro pomurairo wokuti hazvinamaturu hazvinabasa.”**

Panoparidzwa shoko raMwari mumaguta makuru ndipo paunoona pachiwanzoitika gakava, kuine vanhu vanenge vachibvunza mibvunzo isina maturo, inenge yakangonangana nekukonana nezvikwata zvinenge zvichiparidza shoko raMwari. Pfungwa dzevanenge vachibvunza mibvunzo dziri paviri, kuti vanenge vachida kunyatsonzwisisa zvinenge zvichitaurwa kana kuti kuda kuratidza kuti vanoziva kudarika vanenge vachivaparidzira. Vamwe vanenge vaine zvinangwa zvakavanzika, senge kuratidzira kuti zvitendero zvavo zvine ruzivo kudarika rwune vanenge vachivaparidza. Kana uchinge wasangana nevanhu vakadai ndinokuyambira kuti, ukurumid-

ze kuziva kunenge kuchienda nyaya panongo tanga kuitika gakava, kuti chinangwa charo ndechekuti anenge achibvunza wacho chinenge chiri chekuti azive here kana kuti anenge achida kukuratidza kuti chitendero chake chikuru uye chinoziva kudarika chako, sekunyorwakwazvaitwa muveshi redu ranhasi.

Ramba kuitiswa makakava asina musoro nezvechiKristu chako nekuti zvinokonzeresa kusagadzikana kwemweya wako. Iva nehuchenjeri hwakaita sehwenyoka wokurumidza kunzvera, kana uchinge wasangana nemunhu anongokuitisa nharo dzisina musoro, dzisina maturo. Rangarira kuti uri mudziyo unoshandiswa nemusiki. Mweya mutsvene ndiye anokudzidzisa zvaunofanira kutaura kana uchida kutendeutsa munhu kuti atambire Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwake. Kana uchinge urikubasa chero nzvimbo dzaunowanzo shanyira mararamiro ako nenzira yaunozvibata nayo, ngazviratidze chiKristu chako uye kuti uriweimba yehushe. Madzishe haangotaurataura pese pese. Mazwi aunoshandisa, mapfekero ako nemabatiro aunozviita ndiwo anoita kuti vanhu vade kana kusada Kristu anenge ari mauri.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ino inguva yakanaka yekuti nditendeutse vanhu kuti vauye kuna Kristu. Hunhu hwangu nemagariro angu zvinoratidza hunhu hwaMwari wandinoshumira anova rudo. Kwese kwandinoenda handitsigire kana kupinda mumakakava asinamaturu nezita raJesu, Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** 2 Timoti 2:23



**Jeremiya 29:11**

**“Nokuti ndinoziva ndangariro dzandi-norangarira pamusoro penyu, ndizvo zvinotaura Jehovha, ndangariro dzorugare, dzisati dziri dzezvakaipa, kuti ndikupei mugumo une tariro.”**

Vhesi redu ranhasi rinesimba rakawanda zvekuti zvakakosha kuti reverengwe mazuva ese kuitira kuti uzive zvinangwa zvaMwari pamusoro pevana vavo. Wanano dzakawanda hushamwari mhuri uye ruwadzano nevamwe zvinowanzopera nekuti panenge paine kakugungirana, nekusa budirana pachena. Vhesi redu ranhasi rinofanirwa kuverengerwa kana kuratidzwa avo vanofunga kuti muKristu anoverenga bhaibheri, kutaura nendimi uye akazara mweya mutsvene haafanire kupfuma! Hamheno kuti sei zvichidaro asi kune vanhu vakawanda vanofun-

ga kuti hurombo nekushaya zvinoenderana nekukurama uye vanoshora maKristu anenge akapfuma.

Ari kutaura muvhesi redu ranhasi ndiMwari, avo vakarongedza mashoko avo zvakanaka zvekuti zvavari kutaura zvinoratidza pachena kuti vanoda kuti maKristu ararama hupenyu hwakaita sei, kusanganisira kuti apfume. Mifungo yaMwari yekuti vanhu vanofanirwa kuti vapfume yakakosha zvikuru. Chese chinopokana nehurongwa hwaMwari ndechewakaipa. Mwari anofara zvikuru kana uchinge wavamuKristu akapfuma sekutaura kwavo muna maPisarema 35:27, , pavanoti”.. Ngaakudzwe Jehovha iye anofarira kupfuma kwemuranda wake”. Ukaona vatendi vachitya kupfuma, ziva kuti vanenge vasina kunzwisisa zvakataurwa naMwari pamusoro penhau yekupfumamuna Kristu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri mudyi wenhaka pamwe chete naKristu ndakadaidzirwa hukuru uye hupenyu hwangu hunoratidza kubwainya kwaMwari anogara mandiri. Hapana chinombonditadzisa kuva muKristu akapfuma nezita raJesu. Hareruya**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 71:21

**Zvakazarurwa 20:6**

**“Munhu anemugove pakumuka kwokutanga wakaropafadzwa mutsvene rufu rwechipiri harwunasimba pamusoro paivava asi vachava vaprista vaMwari navaKristu vachabata hushe pamwe chete naye makore anegumi nemazana.”**

Ongorora kuti mumagwaro aMwari unonzi munhu mutsvene, zvichireva kuti wakato sanangurwa kuitira kuti uite basa raShe, uye wakapihwa chimwe chigaro chekuva muPrista waMwari uye naKristu. Vhesi iri rinozoti kwekupedzisira uchatonga pamwe chete nalshe Jesu kwechiuru chemakore. Nzwisisa kuti hakuna anopokana nekutonga kwako sezvinofungwa nevamwe vanhu. Wakaberekwa patsva uye urikutonga pamwe chete naKristu. Mutendi anonzwisisa zvandiri kutaura izvi ndiye anokunda sezvo achikwanisa kushandura mamiriro

anenge akaita zvinhu munharaunda maanenge agree kana munzvimbo dzekutengesera.

Bhaibheri rinoti Kristu mauri ndiye tariro yekubwinya, saka unofanira kurarama hupenyu hwekubwinya izvezvi usati wapinda mumwaka wekutonga pamwe chete naKristu. Unesimba rekukunda mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako, nekukunda chese chinenge chichida kukanganisa budidiro yako. Mauri munogara Kristu. Paunofamba Kristu anofamba, paunotaura anotaura uye kana paine zvaunenge uchiita ndiye anenge achizviita. Wakapihwa simba rekuita zvinoshamisa, uchizvitira Kristu, uye wakapihwa simba rese: usazeze kuri shandisa parinenge richidiwa. Wagara kwenguva yakareba zvikuru usingashandise chinzvimbo chako, uye izvi zvakonzereswa kutambudzika kukuru muhupenyu hwako nekurasikirwa. Ino yave nguva yekuti ushandise simba rawakapihwa naJesu, Wakadaniwa kutonga! Amen.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Handisshungurudzwe nehupenyu kana mamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwangu; Ndirikutonga pamwe chete naKristu. Ndiri muPrista uye ndichatonga kubvira izvezvi kusvikira narinhi nezita raJesu. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** VaRoma 8:17

**Deuteronomi 8:18 ()**

**“Asi unofanira kurangarira Jehovha Mwari wako nekuti ndiye anokupa simba rokupfuma; kufi asimbise sungano yake yaakaita nemadzidzibaba ako, sezvamaita nhasi.”**

MaKristu akawanda haakoshese nyaya dzekupfuma uye vamwe vanotovenga nekushora nyaya iyi. Mutendi akangopfuma chete anobva atanga kumhurwa nevamwe vake. Vaparidzi vanenge vakunda chikamu chekushaya nehurombo avo vanenge vagarika vave nehupfumi vanoshorwa zvakare nevanhu vakawanda. Izvi zvinokonzereswa nedzidziso isiriyo uye netsika dzisiridzo dzanga dzichitevedzerwa nemaKristu kwemakore alawanda. Dzidziso isiriyo iyi inoita kuti zvinzi muKristu murombo anenge akarurama. Ongorora kuti bhaibheri rinonyatsozviburitsa pachena kuti Mwari haafarire hurombo! Tikaverenga muna, Zvirevo 6:10-11 vanoti “hope nekukotsira, nekugarira maoko zvinokonzeresa hurombo kuti huuye sembavha”.

Hurombo hunobva kunewakaipa, uye hunouya kuzitora runyararo rwako, mufaro hutano asi pfuma inokuunzira rufaro runyararo, hutano hwakanaka nekurarama hupenyu hwakazara, uye hunoita kuti zvive nyore kwauri kuti utsigire kuendesa vhangeri kunzvimbo dzakasiyana dzenyika. Hareruya!

Hurombo hunobva kunewakaipa, uye hunouya kuzitora runyararo rwako, mufaro hutano asi pfuma inokuunzira rufaro runyararo, hutano hwakanaka nekurarama hupenyu hwakazara, uye hunoita kuti zvive nyore kwauri kuti utsigire kuendesa vhangeri kunzvimbo dzakasiyana dzenyika. Hareruya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri mwana waMwari akapfuma uye ndine pfuma yakawandisisa; Handina chibvumirano nehurombo. Ndakapfuma sezvo baba vangu vari mupfumi vanemombe pachuru chemakomo. Ameni.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Muprofita Hosiya 2:8



**Mapisarema 16:11**

**“Munondiratidza nzira youpenyu. Mufaro wakazara uri pamberi pangu. Paruoko rwenyu rworudyi pane zvinofadza zvisingaperi.”**

Vanhu vakawanda kusanganisira maKristu vanovhiringidzika nekusaziva musiyano uri pakati pevara rinonzi rufaro nerinonzi mufaro. Mamiriro ezvinhu haasiriwo anokonzeresa kuva kwako nerufaro, zvinoitika uye nenharaunda yaunenge uri hazvisirizvo zvakare zvinokonzeresa kuti ufare. Rufaro hwutevedzere zvaunenge uchinzwa kwete asi kuti rwunongotubuka kubva mukati mako uye rwunounzwa nehukama hwaunenge uinahwo nalshe Jesu. Tsvakurudzo yakaitwa inoratidza kuti vamwe vevanhu vanonzi ndivo vakapfuma zvikuru pasi rese, vanongoereka na vazviuraya zvisingafungirike, uye

chikonzero chacho ndechekuti vanenge vasina rufaro mukati mavo.

Vanhu ava vanonakidzwa nebudiriro yavo yekuzvishandira izvo zvinenge zvichiunzwa nennzvimbo dzavanogara, kunakidzwa, uye nehukama hwavainenge vaumba nevamwe vavo. Izvi zvinoreva kuti mufaro wavo unonyangarika kana pakashaika chimwe chezvavainenge vainazvo. Ndipo panouzouya kufunganya hupenyu hwoita sechinhu chisina mature kwavari.

Asi vhesi redu ranhasi ratiudza kuti rufaro rwechokwadi uye rwakapera rwunowanika kana uchinge wazvinyudza muna Jesu warungwa nerudo rwake shoko rake uye uchitungamirirwa namweya mutsvene. Unowanika uine runyararo rwunoshamisa mukati mako rwunokonzeresa kuti uwane pfuma yepamusoro isingapere uye chikoshesa kuva nerufaro urwu nezita raJesu. Amen!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mwoyo wangu wakazara nerufaro uye ndinogara nddine runyararo. Ndicharamba ndichijekesa nharaunda yandinogara nekuwedzera kwangu rufaro mandiri nekurarama ndiinarwo chero ipi nguva, nezita raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mateo 7:14

**VaGaratiya 6:9**

**“Zvino ngatirege kuneta pakuita zvakanaka nokuti muchacheka nenguva yakafanira, kana tisingaori mwoyo”**

MaKristu akawanada avenyanzvi dzekugununguna nekuchema chema pamusoro pezvese zvinenge zvichiitika muhupenyu hwavo uye vanopedzisira vasisaite zvavaimboda kuita nekusiyyira zvavaneng vavamba panzira uye nekuregerera mabhizimusi avo achifa, hukama hwavo naMwari hunobva hwatanga zvakare kuderera. Pane chinhu chandirikuda kukuzivisa, kuti muvengi wedu tose anonzi Lucifer. Ongorora kuti ukaona achinzi wakai-pa, anenge achidaidzwa nezita rake chairu, uye rinoreva kuti uyo anoramba achitema kusvikira apunza chinhu. Kana muvengi wako achishandisa

zano rekutema panhu pamwe chete kusvikira abudirira, koi we une mweya mumwe chete wakamutsa Ijshu Jesu kubva kuba kafa? Chii chinokonzeresa kuti ufunge kuti haugone kubudirira pabhizimusi kana pahurongwa hwauinahwo? Ukanzwisa chete kuti iye akagadzira nyika nekuzara kwayo ano gara mauri unoona zvirotu zvako zvave kubudirira.

Mwari haanete newe saka iwe haungambomusiya. Kubvira nhasi ndinoda kuti utange kuzviona uchikunda pane zese zvaunenge uchibata. Hasi munhu anosiyira zvinhu panzira, hauna hutera, uri munhu mukuru kwazvo! Vhesi redu ranhasi rirukuti kana nguva yakwana fichakohwa kana tisingaore mwoyo. Rarama hupenyu hwako uchiratidza kuva nechinangwa, uenderere mberi ushingirire usaore mwoyo, unokunda! Amen.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinorarama hupenyu hwangu kusingasvike muvengi; Ndine mweya waMwari mandiri. Hupenyu hwangu haugumire panzira uye ndinorarama mukukunda mazuva ese ehupenyu hwangu nezita raJesu. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Jakobo 4:7

**Ruka 8:22**

**“Zvino nerimwe remazuva iwayo wakapinda mugwa nevadzidzi vake akati kwavari,” Ngatiyambukirei mhiri kwegungwa vakaenda.”**

Vadzidzi vaJesu vakavhunduka vakageda geda meno pavakasvikirwa nemvura yakange iine dutu guru mugungwa mavakange vari, izvo zvakaisa hupenyu hwavo panjodzi yakakura. Vara rinoti kupesana” rinoreva zvisingaenderane nezvinodiwa. Vadzidzi ava vakange vaine rwendo rwavaiita sezvo vakange vaudzwa kuti vayambukire kumhiri kwegungwa naJesu asi pavakange vavepakati prwendo, pakaita dutu guru iro rakavahundutsa zvikuru, kunyangwe vainge vaina Jesu muigwa ravakange vari! Izvi zvinoreva kuti kunyangwe Ishe Jesu varimu mugwa rako, unogona

kusangana nedutu guru muhupenyu hwako. Unogona kunge uri mumbi anoimbira Mwari zvinopa manyuku nyuku, kana kuti munhu anoziwa bhaibheri zvekuriimba kuburikidza nehuwandu hunenge hwakaita mavhesi aunoziva nemusoro. Kana kuti unopa kubasa raMwari zvekuti. Zvese izvi hazvimise dutu kuuya kwauri. Ichokwadi zvakare kuti nehushumiri hwakazara hunoita zvese kuna Mwari hunosanganawo nedutu rinopesana nechinangwa.

Chakakosha ndechekuti unge uina Jesu mugwa rako! Kana Jesu aripo zvimwe zvese hazvina mature. Iye Jesu pachake akati, “ngatiyambukirei kumhiri”, nekuti akange atoono dutu guru iri richiuya kwavakange vari; Shoko raMwari harigume, uye rinokuendeswa kunzvimbo kwauri kuda kuyenda, unokusvika chete zvisineyi nemamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako! Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nekuti ndina Kristu mandiri ndinokwanisa kukunda chero ripi dutu rinenge rauya muhupenu hwangu. Hupenyu hwangu hatutenderere; uye zvese zvirikundishandira mune zvakakanaka nekuti ndinosvika chete kwandiri kuenda nezita raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mateo 8:23-24



**Revhitiko 6:13**

**“Moto ngaurambe uchipfuta pamusoro pe aritari nguva dzose urege kudzima.”**

Nzvimbo inoiswa zvipo, zvegumi nezvipiriso nevatendi mukati mekereke inonzi Aritari. Pamazuva ebhaibheri vhesi iri wakange urimutemo waifanirwa kuchengetedzwa, kuti moto urambe uchipfuta pa aritari. Kupa kwaunoita kumba yaMwari kunofananidzwa nekupa chipiriso paAritari. Mari yaunopa kukereke muenzaniso webasa raunenge waita uye nekudikitira kwako, nesimba rako, nenguva yako. Paunodurura zvipiriso zvako zvipo nezvegumi pa aritari, kana kuti ukaisa mbeu unenge uchiremekedza Mwari wako.

Aritari ine simba rakakurisisa zvisina akamboona uye inzvimbo inoyanani-

sa munhu naMwari wake. Paunoisa chipo chako kana mari paritari unenge uchizarura mwoyo wako kuna Mwari. Mwari vanodisira kuziva zviru mumwoyo mako zvekutoti vanotikurudzira kuti tichengetedzemyo yedu nekuti ndiyo chitubu chehupenyu. Aritari inzvimbo inodyidzana zvinhu zvepamweya zvichiuya kwauri. Kana ukaona hutano hwako hwevana kana basa zvavekudzikira enda kuAritari wotura zvese zvinenge zviru mumwoyo wako ipapo. Aritari inokurwira zvisina kana mubvunzo, Unoona mhinduro kuminamoto yako yave kuuya nekuti aritari inotaura, Hareruya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

Hupenyu hwangu hunotaura zvakavanzika kuburikidza nearitari. Ndichakunda kurwiswa nemuvengi kuburikidza nearitari yangu. Zvinhu zvese zvinopesana nezvinodiwa nemwoyo wangu zvirikuparara kuburikidza nekutaura zvese zvinenge zviru pamwoyo pangu paAritari yangu. Hareruya!

**MAVHESI EKUVERENGA**

Revhitiko 1:7

*Beverly Angel*

C O R E 1 0 0  
B e B e A n g e l

CORE 100 IS AN EXCLUSIVE MEMBERSHIP PROGRAM BY PROPHETESS BEBE ANGEL FOR LADIES FROM ALL WALKS OF LIFE WHO HAVE ONE THING IN COMMON – A DESIRE TO GROW IN THEIR KNOWLEDGE OF JESUS!

TO JOIN CORE 100 VISIT

[WWW.BEVERLYANGEL.ORG](http://WWW.BEVERLYANGEL.ORG)

**Johane 2:7**

**“Jesu akati kwavari zadzai makate ne mvura, Ivo vakazadza kusvikira kumiro.”**

Ongorora kuti makate akange akazara kusvikira pakupfachukira akange asiri zvikamu zvikamu kwete, sezvi vashandi vakange varayirwa kuti vaazadze vakatevedzera zvakange vaudzwa. Tapinda mumwaka wekudzika kwechitendero zvekuti hakuchabvumirwa kuti basa raMwari riiwe zinyeke nyeke, kana kuitwa kwearo padiki padiki hatichada. Tasvika pekuti hapasisina nguva yekutamba. Ita basa rako nemazvo pasina hunongedzwa hunoitwa pariri uchiratidza hutungamiriri hwakanaka.

Panguva ino yatiri kuti ndeyekunyatso-bairira gejo muvhu, zvakakosha zvikuru

kuti uite basa raMwari nemazvo, usaite chiKristu chezinyeke nyeke. Haukwanise zvakare kunge uchingoona chete basa iri richiitwa, wanawo chako chekuita muimba yaMwari. Nguva ino ndiyo icharatidza vanakomana nevanasikana vaMwari chaivo kuburikidza nemabasa avachaita uye kukoshesa basa iri nemwoyo yavo yese uye nezviito zva-vo. Inguva yekuti hapana chimwe chinhu chekuti chinenge chakakoshera asi Jesu chete. Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndine zvandiri kuitawo mukusimudzira gushe hwaMwari, handisi kungotarisa vamwe vachiita basa iri kwete. Ndaka berekerwa nguva yakaita seino yekuratidzira kubwinya kwaMwari kusina chipomerwa pakuri. Ndirikuita basa iri nesimba rangu rese uye ndinokunda. Hareruya!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Marko 7:3



hwavo.

### VaKorose 1:26

**“Ndicho chakavanzika change chakafukidzwa kubvira pakutanga kwenguva nendudzi asi zvino charatidzwa vatsvene vake:”**

Mazuva ano kune zvinhu zvakawanda zvirikuitika uye tinokoshesa zuva rega rega rekufema tisina kubhadhara chinhu. Chinhu chakavanzika chinhu dzimwe nguva chisinganzwisike chisingagoneke kutsanangurwa. Chinhu ichi chinenge chakavanzika uye chinokatyamadza. Ichi chinhu chinenge chichitemesa musoro zvekuti kana kuchitsanangura kunenge kuchinetsa. Nyaya yekuti ivo Mwari pachavo ndivo muchengeti wezvakananzika uye kuti havana kupa basa iri kungirozi, kana vakwegura vaye makumi maviri nevana avo vanogara vachirumbidza Mwari, zvinoratidza hukuru nehushu

Chakananzika icho chiri kutaurwa pamusoro pezvacho muvhesi redy ranhasi chakagara kwemakore nemakore uye chigazozivikanwa nezvacho sekutaura kwebhaibheri nguva yacho painenge yakwana, iye zvino inguva yekuti zvinofanirwa kuitwa kudenga kana panerino pasi zviitwe. Mwari nehuchenjeri hwavo ndivo vachazivisa paumusoro pezvakananzika zvinova zvagara kwemakore zvakananzika zvisingazivikanwe. Zvirikuitika mazuva ano zvinhu. Zvakazivikanwa naMwari kuti zvichavepo zvisati zvazivikanwa uye zvakananzika zvakavanzika naMwari. Mwari vega ndivo vanogona kutaura kuti sei zvakavanzika vazviburitsa kuti zvizivikanwe nesu uye kuburikidza nesu, uye chakananzika ichi ndi Kristu matiri tariro yekubwinya" (vaKorose 1:27). Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri chizaruro chekubwinya kwaMwari. Ndakatakura Mwari mukati mangu ndakachengetedzwa kuma fivi ose uye handinyimwe chandinenge ndichida zvekuti hupenyu hwangu hucharamba huchiratidza kubwinya kwaMwari. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** 2 Timoti 1:10

**Johane 6:63**

**“Mweya ndiye anoruramisa, nyama haina mature, mashoko andakataura kwamuri ndiwo mweya nehupenyu.”**

Nzvimbo dzese dzandinenge ndiri, mungave mukereke tichishumira, kunze kwayo mundege muigwa kana kugomo ratinonamatira, kana muhofisi yemandinoshandira ndakamiririra nyika yangu, nzvimbo dzese idzi dzizere nehuvopohwaMwari kuitira kuti Mwari vataure neni. Saka kutaura kwaMwari hakuneyi nechekuita nekuti uri kupi, asi kunechekuita naMwari anotaura. Ndinogara ndichiudza vanhu kuti handina kudaidzwa kuti ndiparidze asi kuti mutemo. Zvandinotaura ndinenge ndatemerwa kuti ndizvitaure, ndicho chokwadi. Rega ndinyatsotsanangura zvandiri kureva. Ndirikuti kana ndichitaura, zvandinenge ndataura zvinobatika, zvinoitika. Mashoko angu anotsigirwa nedenga.

tika, zvinoitika. Mashoko angu anotsigirwa nedenga.

Ndinovimba nemashoko angu nekuti haasi mazwi asina maturo. Zvinhu zvakakosha, zvinoita nekuunza hupenyu kune icho chinenge chataurwa nacho. Ndikatema chirevo chekuti pfuma iuye, unoona hupfumi huchizogogodza pamukova wako,” nekuti panongobuda mashoko aya uukanwa mangu panekugoverwa kwesimba kunoitika muchadenga kunoita kuti hupfumi huuye kwauri. Ukanzwisisa chete kukosha kwemashoko anotaura uchatanga kunyatsosarudza mazwi ekutaura usati wataura. Mweya wakamutsa Jesu kubva kuvakafa unogara mauri. Mashoko aunotaura anobuda ogadzira zvido zvemwoyo wako. Kana uchida pfuma, hutano hwakanaka, runyararo nemari yakawanda unogotaura zvouya kwauri. Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mashoko angu anesimba! Ndichagara ndichingotaura hupenyu chete kwete kuparadza, uye ndichataura pamusoro pekuwedzera kwezvinhu kwete kuderedzwa kwazvo, mdi-chataura pamusoro pekukwidziridzwa kwete kudzikisirwa, kuwana zvakananda pane kushaya rufaro kwete kusuwa. Ndirimutakuri wenhau dzinonakidza. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** 2 VaKorinde 3:6



**Genesi 1:27**

**“Mwari akasika munhu nomufananidzo wake akamusika nomufananidzo waMwari, akasika murume nomukadzi.”**

Nyaya yemasikirwo akaitwa nyika nezviri mairi inoita kuti tinzwisise basa rakabatwa naMwari kwemazuva matanhato nehusiku hwacho uye kuzozorora kwavakazoita nezva rechinomwe; kusvikira nanhasi Mwari vakazorora uye vagere pachigaro chavo chehutongi. Mwari akagadzira mhuka dzese kubvira pakutanga kwadzo akadzira kufi dzi-berekane dzichitevedza rudzi rwadzo. Muvhesi redu ranhasi unoona kuti Mwari pavakange vakusika munhu vakatura befu ndokushandura nzira yavaisika nayo zviwe zvinhu vakashandisa vara rekuti “MUFANANIDZO.” Unoona muvhesi rinotevera vave kutaura zvakare vara rinonzi “KUFANANA” uye vakashandisa avara aya pavakange vave kusika

munhu. Saka masikirwa akaitwa munhu naMwari akasiyana nezvavakaita pavaisika mhuka nezvimwe zvinhu zvese, nekuti tinemufananidzo wa Mwari takafanana naye, fine hunhu hwake matiri.

Pavanotaura pamusoro pemunhu ivo Mwari vanotaura vasingakakame kuti, “Ndakakutiya muri anaMwari, muri vana vewekumusoro soro” (Mapisarema 82:6). Kana Mwari vavakubvuma sezvizi, unobvumidzirei kuti kuye nevanhu vanokudzikisira vachiti hauna chaunogona kuita muhupenyu? Kana Mwari vasina kumborwara sei uchizvipa chirwere uchiti ndechako? Mamwe maKristu anosvika pachinhano chekudaidza chirwere chemusoro sechavo, kana kuti cheshuga sechavo kana kuti chekusamira zvakanaka kweropa sechavo, nezvimwe zvakadar. Ndepapi pawakamboona Mwari vachidaidza chirwere vachichiita chavo? Hapana vakadaro uye hazvimbofa vakaitika! Mwana waMwari anenge aine hunhu hwa-anoramba zvese zvinopikisana naye nekuti wakasikwa nemufananidzo wake, wakafanana naMwari.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine hunhu hwaMwari mandiri, hurikufamba muropa nemutsinga dzangu. Handina pandinobvumirana napo nemuvengi. Handirware uye matenda haauye pamukova wangu. Zvangu ini hutongi nehukuru nezita guru raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mateo 19:14

**Ruka 5:16**

**“Asi iye akaenda mumarenje akanonyengetera.”**

Ari kudaidzwa achinzi iye muvhesi redu ranhasi ndi Jesu. Unogona here kuzviisa mupfungwa dzako woona Ishe Jesu vachiita minana uye vachishumira? Unonzwa vachiti, “Ndinofanirwa kuita basa rababa vangu” (Ruka 2:49). Zvinobata panyaya iyi kuona kuti kunyangwe Ishe Jesu vaive nemabasa akawanda avaiita semunhu aidiwa nemunhu wese vaiwana nguva yekunamata.” Nguva dzese pavaiita minana nezvishamiso, pane simba raibuda muna Ishe Jesu. Uye, pavaiita minana yakawanda, simba rakawanda raibudawo mavari. Mazuva ano basa rirukuitwa nekereke rakawanda sezvo irikukura, asi unoono varikuita basa iri vachineta.

Jesu akatidzidzisa chidzidzo chikuru sezvo asina kuzvibvumira kuti aneswe nebasa rekushumira zvekusvika pakuregedza kana kumira kunamata. Jesu aiziva kuti aifanirwa kuwedzera simba saka ainamata kuti simba iri agare ainaro. Zvaitwa na Jesu izvi aipa muenzaniso wekuti hazvineyi kuti une basa rakaita sei, kungave kuparidza, ungange uri muporofita muvhanferi, mudzidzisi kana muapostori, basa rako haukwandise kuriita nemazvo kana uchinge isinganamate nguva dzese.

Minana nezvishamiso zvinoitika kana uchigara uchinamata nguva dzese. Kuburikidza nekunamata kwaunenge uchiita unoono wave kuiswa pane chimwe chinhano nekuti kunenge kwave kushanda simba rekudenga, Kuti zvinhu zvishanduke muhupenyu hwako unofanirwa kugara uchinamata. Unoono hurwere matenda nemweya yetsvina zvi chiparara sehunda pamberi pako kana ukagara uchinamata. Amenii!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinesimba mandiri rinobva kudenga. Nharaunda yangu yakazara nesimba rekuporesa varwere nekuparadza husungwa hwemweya yetsvina. Pandinosvika panzvimbo mweya yetsvina inofiza nezita raJesu. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mateo 14:23



### 2 Madzimambo 6:17

**“Zvino Erisha wakanyengetera akati Jehovha svinudzai henyu meso ake aone. Ipapo Jehovha akasvinudza meso ejaha, akaona gomo rese rizere namabhiza nengoro dzemoto zvakan-ga zvakakomba Erisha.”**

Ko nei mubatsiri waErisha aitadza kuona zvaionekwa nava tenzi vake? Maziso emukomana uyu aiona panyama asi aitadza kuona zvaionekwa navatenzi vake pamweya. Nyaya iyi inoda kunyatsoongororwa uye inofanira kunyatsodzidziswa vatendi. Nharaunda yemuporofita Erisha yakange yakapoteradzwa nemabhiza nengoro dzemoto asi hapana waakange ainaye aiona zvinhu izvi, ndiye ega aizviona. Nzwisisa kuti kana usingaone chinhu pamweya hazvirevekuti hazvipi. Chiporofita chinokonzera kuti uone zvisingaonekwi

nevamwe. Unoona zvakananda kudarika zvinenge zvichionekwa nevamwe panyama.

Zvinoitika mumweya ndizvo zvinokonzera kuitika kwezvinozoonekwa panyama. “Kuburikidza nekutenda, tinonzwisisa kuti nyika dzakagadzirwa neshoko raMwari kuitira kuti zvinhu zvinooonekwa zvakagadzirwa neshoko raMwari, kuitira kuti zvinooonekwa hazvina kugadzirwa nezvinoonekwa” (VaHeberu 11:3). Nzwisisa kuti chiporofita chinoona kudarika zvinooonekwa panyama. Saka kana ndikatema chirevo chekuti upfume, ukagamuchira usinganyunyuti, unoona zvandinenge ndataura pamusoro pako zvave kuitika uye zvinenge zvisiri zvekufungidzira! Hare-rya.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handimbofa ndakaramba kubvuma zvinenge zvataurwa nemuporofita pamusoro pehupenyu hwangu nekuti ndinoziva kuti Mwari vanosimbisa shoko ravo kwandiri kuburikidza nemuranda wavo. Ndiri mudyi wezvakananda kuburikidza nenyasha dziri pamusoro pemuporofita wangu, saka handimbofa ndakanetseka muhupenyu nezita raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Numeri 22:31



BECOME A **GoodNews** PARTNER TODAY BY VISITING  
DAILY  
[WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER](http://WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER)

# GoodNews

DAILY

EVANGELISM





**Mabasa EvaApostora 19:15 (N)**  
**“Mweya wakaipa ukapindura ukati kwavari Jesu ndinomuziva naPauro ndinomuziva asi imindimi aniko?”**

Kune vana vaSceva uyo akange arimutungamiri wechitendero vaifunga kuti vaikwanisa kuita zvimwe chete zvaiitwa nemuApostori Pawuro asi vakapedzisa vanyadziswa nemweya wetsvina wavaida kudzinga. Izvi ndizvo zvimwe chete nemaKristu akawanda anofunga kuti zvinoitwa nemunhu rume kana munhukadzi waMwari vanokwanisa kuzviitawo, zvichikonzeresa kuti vabude mumakereke avanenge vari vachinovamba avo, vasingatevedzere gwara chairu. Vamwe ndovanoda zvinzvimbo nekudaizwa nemazita makuru, asi chokwadi ndechekuti vanenge vakakodzera here uye vanenge vak-

agadzirira here kusimba mushoko raMwari zvekuti vanenge vachikwanisa kuita basa iri vari vega. Tinonzwisisa kuti kune vakuru munyika yemweya avo vanotywa nemadhimoni.

Kana uchida kukunda matambudziko anokonzereswa nemweya yetsvina unofanira kuva nehunhu hwaJesu Kristu. Unofanirwa kusimba pamweya nekuziva zvekuita usati watanga kurwisana nemweya yetsvina; nekuti zvine njodzi kwauri kana usingazive zvekuita. Vanakomana vaSceva vanogona kupuppura zvandiri kutaura izvi. Vanhu vakawanda vanofungawo zvakare kuti zvirinyore kuita chiporofita, uye vakawanda vanozvidaidza vachizviti maporofita. Rega ndikuudze kuti haasi mahumbwe nekuti kuti ukunde kurwiswa nemuvengi unofanirwa kunge wakasimba uchinyatsoziva shoko raMwari, wovavo nehunhu hwaKristu! Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Simba rangu riri muna Kristu. Ndakapihwa simba rekutonga uye rekuvawo chiyedza munyika yerima. Ndakatakura huvepo hwaJesu uye ndine hunhu hwake zvekuti madhimoni anotiza, paanongondiona. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Ruka 1:65

**1 VaKorinde 15:58**

**“Saka hama dzangu dzinodikanwa mirai makasimba murege kuzungunutswa, mubafire Ishe zvikuru nguva dzose muchiziva kuti kubata kwenyu hakungavi pasina munaShe”**

Mu Apostora Pawuro vakanyorera vatendi vekuKorinde tsamba vachivakomekedza kuti vatevedze zvidzidziso zvavaiipihwa nemuApostora uyu, uye kuti vatende mazviri. Ongorora kuti Pawuro aivakurudzira achivaudza kuti zvese zvavaiitira Mwari zvaiva nemuripo waizouya kwavari. Makristu akawanda anopedzisira abvunza kkuti Mwari varipo here kana vachinge vawirwa nedambudziko rakaita setsaona, kana vakashaya mari uye kana vakarwarirwa. Panguva yekushungurudzwa nematambudziko akadai vanenge

vachizvibvunza kuti Mwari vanenge vaendepi vachivasiya vachitam-budzika zvakadaro?

Koiwe wakambosvika pakubvunzawo here mubvunzo wakadaro? Wakambosvika here pachinhano chekufunga kuti Mwari vakange vakurasa. Rangarira kuti hatifanirwe kutsukunyuka pakutenda kwedu zviri-mushoko raMwari: rinova chitubu chehupenyu kwatiri. Mwari Havana kukusvitsa pachinhano chauri nhasi, vachiitira kuti vakurase kwete. Basa rauri kuita muhushumiri hausi kuriitira pasina. Saka vhesi ranhasi rinofanira kusimudzira kutenda kwako kuende pane chimwe chihero! Bhaibheri rinoti muna 1 VaKorinde 10:13 kuti hakuna muyedzo unouya kumunhu usati wamboitika uye kuti Mwari vanesimba rekukuburitsa mauri. Amenii!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handimbofa ndakavhundutswa nezvinoitwa nemuvengi. Ndakasimba munaMwari nemushoko ravo, uye ivo Mwari ndiro simba rangu, Ndinoziva kuti naMwari ndirimukundi. Hareruya!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 3:14

**Mabasa EvaApostora 18:10**

**“Nokuti ini ndinewe hapana munhu an-gakumukira akakuifira zvakaipa nokuti ndinavanhu vazhinji muguta rino.”**

Mwari vakandidaidza ndichiri mudi-ki zvikuru uye ndisati ndavekunzwisa pamusoro pezvinhu zvemweya, asi ndakanzwa izwi ravo mumwe musu ndakagara pasi pemuti wemu-kotopeya, apo vakati kwandi, “Uri muporofita wenyika dzakawanda.” Kazhinji kacho Mwari kana vakudaidza vanokudaidzira kuti uvenenzvimbo yaunoshumira asi ini ndakaziva kuburikidza nekutaurirana kwandaiita naMwari kuti hushumiri hwedu ndewe-munyika dzakawanda. Usagumire pa-kufunga kuti pauri kushumira uri ndipo chete pawakanzi unogumira naMwari. Kunyangwe bazi raunoshumira uri rir remunzvimbo yaunogara rangarira kuti

hushumiri hwedu ndewemunyika dzakawanda. Saka wototanga kubvira izvezvi kuzviona uchishumira kunyika dzakawanda.

Unofanirwa kutora maguta, nenyika dzakawanda uchishumira madziri. Kune machira machena akatogadzirirwa kunzi apfekwe neavo vacghatendeuka votambira Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo. Goho rakatogadzirirwa saka ini newe tine basa rakakura rekuita. Kune nzvimbo nenyika dzakawanda dzakamirira kuti tiite basa rakatakapihwa naMwari iri madziri, saka hapana chekumirira kana nguva yekuzorora. Ukaziva kuti kune basa rakakura ratinofanirwa kuti tiite mukushumira unobva watotangawo kushandira kuti basa rekereke risimukirewo. Ino inguva yekutendeutsa nyika dzakawanda kuti dzitambire hushe hwalshe Jesu. Wakadanirwa kuti unge uchibatirana nevamwe vatendi kuti basa iri riiitwe rizadziswe.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hupenyu hwangu ndehwekuperidzira nhau dzakanaka dzaMwari kunyika dzakasiyansiyana. Handisi kufanira kuita basa iri munharaunda maninogara chete asi kuti ndibatsire pakufambisa vhangeri kunyika dzakawanda chiyedza chaMwari chivhenekere kunyika idzodzo. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** MuProfita Jereniya 1:18-19



**Mapisarema 104:4 (N)**

**“Anoita mhepo nhume dzake nomoto unopfuta vashumiri vake.”**

Ndofunga wakandinzwa kakawanda ndichiti muvengi anofanirwa kupiswa nemoto kana aching akurwisa. Wakai-pa akagadzirwa semoto. Moto hauna tsitsi. Mto unopisa, moto unoshandiswa pakubika, moto unopisa, moto unofamba uye moto hausarudze. Shoko redu ranhasi ririkuti, “Mwari wedu moto unomedza zvose” (VaHebheru 12:29). Hunhu waMwari uhu hwekuva moto hwakafanana nehwako kana uchinge wave namweya mutsvene. Ko nei matambudziko nezvimwe zvinhu zvichikunetsa pamararamiro ako, uchiita kunge unenge usiri mwana waMwari? Mhinduro iri pachena. Urikutadza kutatidza zvauri kuti vazive kuti uri ani. Un-

ofanirwa kuti urwise moto nemoto wauinawo mauri, kuti uratidze kuti uri ani. MuKristu anorwa nemoto anooneka zvaari. Anenge aine chiyedza chinenge chichi penya paari chinokonzeresa kuti madhimoni amutize.

Chero paine chipi nechipi chinenge chichikutambudza, mungave mumhuri, mubhizimusi rako, mufundo yako, pavana vako, muwanano yako chero chinenge chakunetsa isa moto pachiri! Zvirikuitwa nemuvengui muhupenyu hwako zvinofanirwa kupera. Hauzivi here kuti ugere pamwe chete naJesu Kristu pamusoro pevabati nemasimba? Wanyanyisa kugara wakanyarara uchisiya zvinhu zvichikutemesa musoro nekukudzungaidza. Simuka ubvumire moto uri mauri kuti upfute. Unokunda nezita guru raJesu. Amenii!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri bhora remote, ndizere nesimba. Handibvue kukundwa kana kukundikana. Hosi dzedenga dzinofamba neni uye ndinokunda zvinemutsindo. Ndiri mukundi uye muvengi haana zvaanokwanisa kuita pamusoro pazvo! Hareruya!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Eksodho 24:17

**MuProfita Isaya 41:10 (N)**

**“Usatya nokuti ndinewe usavhundu-ka nokuti ndiri Mwari wako ndichakusimbisa zvirokwazvo ndichakubatsira zvirokwazvo ndichakutsigira noruoko rwangu rwerudyi rwunesimba.”**

Vangani venyu vari kuverenga chikamu chegwaro rwuno vanoti nemwoyo yavo yese, “Zvakandinakira, hapana chandinoty?” Kana Mwari vachiti usatye, zvinoreva kuti pane dzimwe nguva dzekufi munhu anoti asangana nedambudziko anonzwa achitya. Chinokonzera kutya inyaya yekuti unenge usingazive kuti zvinhu zvichamira sei. Pauri kuverenga vhesi redu ranhasi, Mwari varikutsindidza kuti vanewe pese paunenge uri. Wapihwa rugwaro rwekukudzanga paunogara here? Une zvakanyorwa nachiremba pamusoro pehutano hwako zviru kukushayisa

hope? Wane mazuva akawanda here usina kubhadhara chikwereti chemba? Wapihwa tsamba inokudzanga basa here? Pane zvese zvanoda doma hapana chinofadza asi Mwari vari kuti, “Ndichakusimbisa!”

Ichokwadi kuti kune zvakanwanda zvatinosangana nazvo muhupenyu, patinoda rubatsiro rwaMwari. Saka kana Mwari vakati “Ndinokubatsira”, zvakanwanana nekufona nhamba yenhare inofonwa kana paine chinenge chaitika inova 911 kana kuti 999 zvichienderana nyika yaunenge uri. Mwari vanoziwa kuti nyaya yako inoda kukasikirwa, saka rubatsiro rwuri kuuya kubva kwavari. Dzimwe nguva unenge uinedambudziko rewanano inenge yave kuparara kana kuti bhizimusi rinenge rave kudhona kana kuti unenge usisina mari. Asi Mwari varikuti, “Ndichakutsigira”. Vimba nezvinenge zvichitaurwa naMwari, unoona pachitika munanana muhupenyu hwako. Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nhasi ndiri kutora kodzero yangu semwana waMwari uye hapana chandinoty. Ndinoziwa kuti ndiri ani muna Kristu. Ndiri wekumusoro handisi wepasi. Zvinhu muhupenyu hwangu zviru kukurumidza kufamba semheni uye ndinoziwa kuti ndiri mukundi nezita raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Deuteronomi 31:6

**VaKorose 1:17 (N)**

**“Ndiye anotangira zvese zvose zvakabatana maari.”**

Sekuziva kwedu, zvinhu zvese pane rinopasi nedenga uye nevanhu zvakabatanidzwa pamwe chete munyika yaMwari neshoko ravo. Mwari pavaisika nyika vakataura nyika ikateerera ikabvuma zvayainge yaudzwa kuti iite, uye kusvikira nhasi ndozvairi. Nyika irikuramba iripanzvimbo yairi nanhasi nekuti yakateerera zvayakaudzwa naMwari kutii iite.

Masanganiswa anoshandiswa pakubatanidza zvekudya zvinenge zvakabikwa kuti zvichengetedzwe uye nekuzviumba, anonzi “gluten,” nechingezi. Ndiwo mabatanidzirwo akaitwa zvinhu zvese pane rino pasi

naMwari. Urikuona here kukosha kwakaita shoko raMwari? Dai pasina shoko raMwari zvinhu zvese zvingadai zviru mazvake mazvake, zvekuti nyika yaiparara. Shoko raMwari sekutaurwa kwazvinoitwa muna Johane 1:1, rakatanga riina Mwari, uye shoko iri ndiMwari! Muchitsauko chimwe chete muna Johane 1:14, zvinonzi “shoko rakava nyama rikagara mukati medu tikaona kubwinya kwaro, iko kubwinya kwakabva kuna baba, kuzere nenyasha nechokwadi”, uye aitsanangurwa apa ndi Jesu! Hareruya! Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, Jesu watinonamata uyu ishoko raMwari iro rakabatanidza nyika nezvisikwa pamwe chete. Mbiri kunashe! Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakazara nemweya waMwari uye shoko ravo ririkushanda mandiri. Handikundikane uye nzira yehupenyu hwangu ine chiyedza. Hupenyu hwangu huri kusimukira nezita raJesu. Amenii!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 1:3

**Zvirevo 22:4**

**“Mubairo wokuzvinipisa nokutya Jehovha ipfuma nokukudzwa nehupenyu.”**

Unokwanisa sei kuyera kuti wabudirira? Kana tichitarisa mubhaibheri ndiyani anganzi anga akabudirira zvikuru? Muvhesi redu ranhasi zviru kunzi Mwari vanoda munhu anenge achizvinipisa kuti vamuzarurire gonhi rekuti abudirire. Mazuva ano hazvisi nyore kuwana munhurume kana munhu kadzi anozvinipisa. Vanhu vese vavekuzvikudza. Semuzhaniso unogona kuona munhu anogona kuimba achiramba kupinda muchikwata chevanoimba mukereke achizviti anonyara. Kusvikira nanhasi ndinoti munhu anoramba kubatana nechikwata chevaimbi achiziva hake kuti anogona kuimba anenge asinganyare asi kuti anenge achizvikudza.

Sekuziva kwedu kubva mumagwaro, Mwari havadi munhu anozvikudza muhupenyu uye vanopa nyasha dzavo kune vanozvinipisa (Jakobo 4:6).

Muvhesi redu ranhasi kune zvinhu zviru zvataurwa zvinoti: “kuzvinipisa” uye kutya Mwari,” zvanzi kuva nezvinhu zviru izvi kunoita kuti munhu apfume, asimudzirwe muhupenyu uye kuti araramwe. Mwari vakakuwana uine zvinhu zviru izvi unoona uchipfuma, uchisimudzirwa muhupenyu uye uchiva nehupenyu hwakareba. Vanhu vakawanda vanorasikirwa nemikana, nekusimudzirwa muhupenyu nekuti vanozvikudza uye havatywe Mwari. Kana uchizvikoshesa kudarika vamwe vanhu, ndizvo zvinonzi kuzvikudza izvozvo. Saka dzidzira kuzvinipisa uchaona ruoko rwa Mwari rwuchikusimudzira nenzira inoshamisa muhupenyu hwako, nenzira yausati wamboona! Amen.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndichararama hupenyu hwangu ndichiratidza kuzvinipisa pakuitwa kwebasa raMwari uye ndichazvinipisa kunevamwe vandinoshumira navo. Kubvira nhasi ndiri kudzidzira kuva nehunhu hwaMwari uye nekugara zvakana nevamwe. Mararamiro angu anokwezva vanhu kuti vadewo Kristu Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:**Mapisarema 37:5

**Ruka 9:17**

**“Vakadya vakaguta vose vakaunganidza zvimedu zvavakanga vasarirwa nazvo matengu anegumi nemaviri.”**

Nyaya irikutaurwa nezvayo muuvhesi ranhasi yakaitika apo Jesu akatora zviringwa zvishanu nehove mbiri akaita kuti zviwande zvikadyiwa nevanhu rume zviuru zvishanu tisingaverenge madzimai nevana vakadyawo zvinhu izvi. Uku kurafidzirwa kwesimba rakanyanya kana ukafunga kuti munana uyu wakaitika panyama. Ku vanhu zvakadai hazvigoneke. Pfungwa hadzizvibvume kuti kune vanhu vanodarika zviuru zvishanu kusingaverengwe madzima nevana, vakakwanisa kudywa zvekudya zvakange zviri zvekomana kakange kauyawo kumusangano uyu. Chirikundikatyamadza pamunana uyu inyaya yekuti Jesu anoraira zvakare vadzidzi kuti vaunganidze zvakasara kuti zvi-

chengetedzwe. Jesu uyu uyo akaita munana uyu aikarayira kuti zvasara zvichengetedzwe zvisarasike.

Vatendi vakawanda vanofunga kuti kana munana waitika hazvifanirwe kukosheswa. Zvinoshamisa kuti vamwe vatendi havakwanise kuchengetedza mudziyo yekereke kunyangwe vasingazive kuti yakambobvepi. Kana Ishe Jesu vakakoshesa kuchengetedzwa kwezvakange zvasara ko midziyo yekereke sei isingachengetedzwe? Yakwana nguva yekutevedzera zvese zvaitwa naJesu. Chengetedza midziyo yako nezvauinazvo mumba mako unoona zvichiwanda. Nyika yakamirira kuti iwone vanakomana vaMwari vechokwadi, Kana uchida kuona minana yaMwari ichiitika muhupenyu hwako, chitanga kubvira nhasi kuunga nidza tumedu twezvawakapihwa namusiki womutenda pamusoro pazvo.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinorarama hupenyu hwekuwedzerwa uye nekuwanzwa kwezvvinhu. Kushaya nekushomeka kwezvvinhu zvakabufa muhuoenyu hwangu. Ndakatakura Mwari mandiri, uye ndine minana yakawanda isingambofa yaka pera. Hupenyu hwangu hurikuenderera mberi huchisimukira nezita raJesu. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mateo 14:19-20

**Mabasa EvaApostora 17:31**

**“Nokuti wakatara zuva raachaton-ga nyika naro nokurrama nomurume waakagadza akasimbisa shoko iro kunavose pakumumutsa kuvakafa.”**

Vatongi vemhosva nevamwe vanezvi-garo zvepamusoro vanhu vakagadzwa uye vanesimba rekupa mutongo wava-nenge vaona pasina anopikisana nez-vavanenge vatema. Mimwe yemitongo yavanotema inogona kukonzeresa rufu kanakuti vanogona kutema mutongo wakaomararara kumupari wemhos-va. Bhaibheri rinoti Mwari mutongi saka semutongi anofanirwa kupamuton-go waanenge aona wakakodzera panenge pakanganiswa. Vhesi redu ranhasi ririkutsanangura Mwaei semoto unomedza, uye rinoratidza kuti hutongi hwaMwari hauna chipomerwa pahuri. Izvi zvinoreva kuti hakuna nzira yekuita huori hwekuti Mwari vakupe mutongo

usiriwo unenge wakarekerera kwauri kwete. Hukuru hwaMwari hauna anohubvunza, uye mitongo yavanenge vatema hakuna anogona kupikisana nayo, nekuti inenge yakakodzera.

Ukaona zvinhu zvaita manyama amire nerongo kana uchirwiswa zvakananyana muhupenyu hwako nevanhu vakaipa zvekuti unenge uchinetseka pamusoro pekuwana mari mhuri yako isina kugadzikana vanavachiita misikanzwa ukuwo bhizimusi rako richipararara. Ukaona zvavekudai chete unenge uchida anokumiririra panyaya yako kunaMwari. Mumiririri wako uyu ndiye antaura kuti zvaunenge uchisangana nazvo ngazvipere. Kune dzimwe nyaya dzinoitika muhupenyu dzinokatyamadza zvikuru dzisina tsananguro padzinoitika. Jesu ndiye mutongi anopa mu-tongo unoita kuti ukunde pane zvaunenge uchisangana nazvo. Haakun-dikane uye kana paine nyaya yaunenge wamupira unoona uchikunda. Uri kurutivi rwekukunda. Ishe Jesu ndivo vanopa mutongo wekupedzisira pane zvese zvaunosangana nazvo muhupenyu hwako. Mbiri ngaiyende kuna Mwari. Hareruya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinoziva kuti ndinemitongi akarurama kurutivi rwangu, handidzvanzirirwe nezvakaipa. Hupenyu hwangu huchadarika hwevamwe. Ndakaberekerwa kukunda uye ndiririkunda nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUPERENGA:** Mabasa EvaApostora 10:42



**Johane 11:43**

**“Wakati areva izvozo akadanidzira nezwi guru akati Razaro buda.”**

Jesu paakanzwa nezverufu rwaRazaro haana kuda kuti nhau yerufu urwu imukanganise pamafungiro ake kunyangweyaiva nyay yairwadza zvikuru asi akaisa simba rakerese pakumutsa Razaro uyu kubva kuvakafa. Zvaitaurwa nehama dzaRazaro kuti akange avekuora hazvina kumisa Jesu pakuita zvaaita kuti Razaro amuke. Koi we mamiroro ezvemari yako akanganisika kusvikira pakaita sei? Kana kuti kunetsana kwauri kuita muwanano yako kuburikidza nekungogara muchikakavadzana nekurwadzisana kwasvika pakaita sei, kana kuti waneta wo nazvo hausisina simba rekugadzirisa mamiroro ezvinhu?

Kumira kwakaita Jesu nekuzvipira kwake kuti dombo rakange riri paguva raRazaro

rikungurutswa kunyangwe ainzi akange aora kunoshamisa zvikuru nekuti panguva yekuti kwakange kuisina tariro Ishe Jesu vakaiwana. Panguva yakwakange kuisina kugatsikana Jeus haana kurasa tariro asi akaramba akatsungirira pakumutsa Razaro. Kukaitika chishamiso, Zvakaitwa naJesu zvekuti dombo rikungurutswa hazvaitarisirwa nevakawanda uye zvinhu zvakange zvisingaitike, asi zvakaunza munanana. Kutsungirira kwakadai ndiko kunofanirwa kunzi kuitwe nemutende wese azere naMweya Mutsvene. Kana ukaona kuti waedza zvese zvikaramba ziva kuti une tariro muna Jesu. Kumukakwakaita Razaro kubva kuvakafa kunoratidza kuti naJesu hakuna chinoramba uye hakuna chinonzi chanonoka kuunzwa kwauri. Kana uchinge wasangana nedutu muhupenyu zvinhu zvanyanyisa kukunetsa simuka kubva mumadota ehasha woraira nezwi riri pamusoro kuti nezita raJesu sezvakaaitwa naJesu paakadaidzira nezwi repamusoro kuti “Razaro muka.” Nzwisisa kuti hakuna anorambidza kukunda kwako nezita raJesu nekuti izwi ravo rchiri kuita maungira kuzvisikwa zvese nanhasi. Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotaura hupenyu nekuti ndiri mutakuri wehupenyu hwaMwari. Mashoko angu akakosha uye chandinotema semwana waMwari chinoitika. Mashoko angu anesimba rekumutsa zvakafa. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Johane 11

**Mateo 17:2**

**“Akashandurwa pamberi pavo. Meso ake akapenya sezuva, mbatya dzake dzikachena sechiyedza.”**

Vhesi redu ranhasi rinotaura pamusoro pekushanduka kwakaita Jesu pagomo reshanduko aripakati paMosesi naEriyah. Maprofita maviri aMwari aya anenhorooondo yekuita zvinoshamisa paakange achirarama panerino pasi. Mosesi azivikanwa nenyaya yekuita minana yemvura sezvo akadzikinurwa zvina munana apo aiihwandiswa mumvura panguva apo Farao aiuraya vana vacheche. Pane rumwe rutivi Eriyah anemukurumbira wekudaidza moto kubva kudenga uyo wakauraya maprista abharil. Varume vaviri ava vakasangana naJesu pagomo reshanduko, uye izvi zvakaifika mumaziso evadzidzi vake Petro, Jakobo naJo-

hane.

Shanduko yaJesu iyi inoratidza kuti simba rese nderake ega. Ndinogara ndichiudza vanhu kuti runako rwunooneka pachimupeperekwa harwusi rwechokwadi nekuti chinopindana nezvikamu zvakasiyansiyana zvekusikwa kwacho. Chinotanga chiri zai chozoita gonye chozoita chokasha icho chinozoshanduka kuva chimupeperekwa. Takaburwa kubva muchiKristu chinozivikanwa neveruzhinji tikaiswa pakadzika muchiKristu apo tinorarama mukubwinya naMwari pane chiyero chakaita sekushandurwa kwandataura nezvako pakutanga. Ramba kugara pachinzvimbo chakajairika mukutenda kwako nekuti hauna kujairika. Mwari vakakusarudza kuti umhanye mujaho wekubvutidzana chimuti chekutenda, apo pakuzosvika nguva yekubvutwa kwevatsvene, uye ndipo pachashandurwa avo vakaramba vakanyura munaJesu, avo vachafanana naye. Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndizere nehuvepo hwaKristu mandiri, uye nhengo dzemuviri wangu inhengo dzemuviri wake. Ndinokwanisa kuita zvinhu zvese muna Kristu uyo anoshanda kuburikidza neni. Handimbofa ndakakundikana, kukunda ndekwangu nezita raJesu! Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Marko 9:2



**Johane 14:6**

**“Jesu akati kwaari ndini nzira, chokwadi nehupenyu hakuna anouya kunababa asina kuuya nekwandiri.”**

Vhesi redu ranhasi riri pamusoro pemashoko akataurwa na Jesu pachake. Hakuna mutungamiri wechitendero akambotaura zvakadaro kuti iye ndiye akange arinzira chokwadi nehupenyu. Bhaibheri rine zvakawanda zvaitaurwa na Jesu pamusoro pekuti iye akange ari ani. Jesu ndiye muenzaniso werudo rwechokwadi urwo rwavw kunetsa kuti ruwanike mazuva ano. Bhaibheri rese zvaro kubvira kuna Genesi kusvikira kuna Zvakazarurwa, rinotaura pamusoro pa Jesu. Hupenyu hwake hwakataurwa nezvaho nemaporofita akange ariko kare iye asati auya.

Jesu ndiye muchinda werugare. Tateguru vake ndi Jesse, muvambi nemupereresi wekutenda kwedu, anodiwa nenyika dzese, baba vedu vekudenga, wekutanga nekuguma ndiye Mwari mukuru wekereke, mutsvene chiyedza chechokwadi uye ndiye mwanakomana wehutsvene, Iye anozviti ndiye, mambo wemakore ese asina magumo mambo wemadzimambo, gwayana ra Mwari, shumba yerudzi rwa Judha, Mambo wezvese mumiririri, Mwari mukuru shoko ra Mwari, El Shaddai, na Elohim.

Jesu pachake anozvitsanangura achizviti muna VaHeberu 10:7, “Ndirikuuya sekunyorwa kwazvakaitwa pamusoro pangu mumagwaro kuti ndiite kuda kwenyu Mwari.” Jesu ndiye donzvo rezvese! Rega ndinyatsotsanangura: kana pasina Jesu, hakuna chinorarama, nekuti maari ndimo matinorarama, maari ndimo matinowana hupenyu nekugona kuita zvatinaita. Jesu ndiye zvese! Hareruya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu huri muna Jesu. Jesu ndiye chitubu chehupenyu hwangu uye hapana chinombondizungunutsa. Ndiina Jesu ndakachengetdzwa zvakasimba, ndinorwirwa nedenga uye ndigere pamusoro pemasimba nevatongi! Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Johane 1

**1 Makoronike 4:10**

“Jabhezi akadana kuna Mwari wals-raeri akati aiwa dai muchindiro pafadza hanyu nokukurisa nyika yangu nokundifambisa noruoko rwenyu nokundichengeta kubva kune zvakaiaip kuti zvirege kundiwira; Mwari akamupa zvaakakumbira.”

Ukaverenga mavhesi epamusoro usati wasvika panerhanasi uchaona kuti kune maita akanyorwa evanhu vaiberekwa. Asi mazita aya haana kuita mukurumbira sezvakaita pakazoberekwa Jabezi, uyo akange aine zita raireva kurwadziwa nekutambudzika,” Munhu wese akange aripo Jabezi asati aberekwa haana mbiri yaakaita, uye pakaberekwa Jabhezi ndipo paka shanduka mamiriro ezvinhu. Vhesi ranhasi riri pamusoro pemunamato wakareba wakaitwa na Jabhezi kuna

Mwari vekudenga! Munamato wa Jabhezi mukuru nekuti akanyatsofetsemura zvaaida kubva kuna Mwari akatenda kuti ainge azwiwana. Uye chokwadi ndechekuti munamato wake wakapindurwa akawana zvaakange akumbira kubva kuna Mwari.

Zvakakosha kuziva kuti vedzinza rako vanogona kunge vaine zvavakaita zvaikonzeresa matambudziko mumhuri. Asi iwe iva ndiwe wekutanga kubvisa chituko mumhuri uye udarike miganhu yakange yakaisirwa vedzinza rekwenyu kuburikidza, nekudambura kwako makashu akange akasunga mhuri. Iva ndiwe ane mari uye uve muzvinabhizimusi anoitamba mabhizimusi munyika dzakasiyana siyana wakamirira mhuri yako. Jabhezi akapedzisira avekunzi vakuru” asisanzi “marwadzo kana kuti kutambudzika”. Munhu anenge achinzi vakuru anoremekedzwa munzvimbo kana kuti munyika yake. Ndizvo zvauri, urimutungamiri anogona kuparadza hurombo mumhuri yekwenyu, uye ichi chinhu chinofadza! Hareruya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaberekerwa kuti ndigadzirise matambudziko ese anosanganikwa nawo nemhuri yangu, uye ndichikunda. Ndiri mukundi, ndine pfungwa dzaKristu uye handimbofa ndakatyichidzirwa. Ndiri mukundi nezita raJesu! Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Marko 11:24



**Ruka 18:1 Zvino wakavaudza mufananidzo wekuti vanofanirwa kunyengetera nguva dzese vasingarasi mwoyo;"**

Zvinondikatyamadza zvikuru nguva dzese pandinonzwa vanhu vachitaura pamusoro pezvavanofarira kupedza nguva yavo vachiita. Vamwe vanoti vanofarira kuverenga mabhuku, vamwe vanofarira zvemitambo uye vamwe vanofarira kufamba famba vamwe vanofarira kukwira makomo, zvichingodaro. Zvaunofarira kuita zvichifadza mweya wako ndizvo zvatirikutaura pamusoro pazvo nhasi. Muvhesi redu Jesu arikutaura nevadzidzi vake achivakurudzira kuti vanyengetere nguva dzese vasinganeti. Munamato hachisi chinhu chekungoita chete asi tinofanirwa kuufarira nekunakirwa nawo patinenge tichiuita.

Zvakanakira munamato ndezvekuti unosimbisa hukama hwako nekuwandzana kwako naMwari. Munamato unogona kuitika pamwe chete nezvaunofarira kuita sekumhanya kana kufamba. Unenge uchitaura neuyo akakugadzira. Zviri nyore zvakare kunamata uchityaira motokari, saka hapana chikonzero chaunogona kupa chekusanamata.

Unofanirwa kusimba pakunamata wozviona uchikura muzvinhu zve-mweya. Kuita munamato kutaura naMwari. Paunenge uchifamba kana kumhanya mangwanani pota uchitaura na Mwari panguva iyoyo. Wodurura zvese zviri maererano nehupenyu hwako kwavari uchiita kuti vatungamirire hupenyu hwako. Munana wako unotoitika chete! Amenii!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinokoshesa hupenyu hwangu hwekunamata nekuti zvinosimudzira hukama hwangu naMwari, uye hurukuro dzangu navo. Kuburikidza nekunamata kwandinoita ndinokunda makomo uye ndinotiza miteyo yemuvengi, sezvo Mwari vachitungamirira kubuda kwangu nekupinda kwangu. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Ruka 11:9

**Mapisarema 100:4**

**“Pindai pamasuwo ake muchivonga neparuvanze rwake muchimurumbidza chimuvongai murumbidze zita rake.”**

Vhesi redu ranhasi riri kuti pindai pamasuwo ake muchivonga nepachivanze chake muchimurumbidza, chimuvongai murumbidze zita rake. Ichokwadi ichochochokwadi ichochokwadi kuti ndiwo mapindiro atinofanirwa kuita kana tichipinda muimba yaMwari. Kutaura chokwadi changu chese, ndinoti kana ndakatarisa vanhu pavanenge vachiuya kuimba yaMwari, vanenge vachiita sekunge vanenge vamanikidzwa nekuti vanenge vasingafare. Maitiro avo uye matauriro avanenge vachiita nekungochemachema kwavanenge vachiita kunoratidza kuti pane chinenge chakanganganisika. Vamwe vanonyepedzera vamwe vachiratidza pachena zvavanenge vachinzwa mumweya yavo. Ivhesi ripi raunenge uchizadzikisa kana

uchinge wakatsamwira kuuya kukereke, kana kusafarira kunge urimuimba yaMwari? Mwari Havana kukutsamwira, asi iwe zvaunenge uchiita unenge uchiratidza kuti wakatsamwira Mwari.

Ndinogara ndichiti kukereke kunenge kukiriniki uko kunouya vanhu vanenge vaine matambudziko akasiyansiyana vachizotsvaga kubatsirwa, saka dambudziko rinenge riine mumwe munhu rinokanganisa sei hukama hwako naMwari? Kana uine dambudziko muwanano yako, kana kuti dambudziko remari, kana rekuchikoro kana rezvemitemo, ziva kuti unenge wauya kunzvimbo chaiyo inenge ichizokubatsira. Unenge wasvika panzvimbo yaunowana rubatsiro kubva kunai ye anoita zvakadarikidza zvaungafungire. Paunongo pinda mumba yaMwari chete, unofanirwa kusendeka zvese zvaikunetsa wozviisa parutivi, nekukanganwa marwadzo ako ese, wotanga kutambira Mwari nenzira inovhiringidza wakaipa. Pemberera iwe, utambire Mwari, wogadzirira kuitika kweminana isina kujairika paunenge uchidzana, uchidaidzira nekupemberera pamberi paMwari! Hareruya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hupenyu hwangu hunopupura. Ndichafara nekudzana ndiri pamberi paMwari ndisingambotya. Ndinoziva wandinoshumira. Mwari pavanosekerera ndichitamba vavengi vangu vanenge vachiwirwa nematambudziki makuru. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** Mapisarema 66:13

**Mapisarema 91:4**

**“Iye achafukidza nemunhenga yake uchatizira pasi pemapapiro ake zvokwadi yake inhowo huru neduku.”**

Nyaya yekuchengetedzwa kwehupenyu nezvinhu inyaya inokosheswa zvikuru mumakambani makuru nedzimwewo nzvimbo zvekuti yakakonzersa kuti dzimwe hurumende kuti dzitore matanho ekuona kuti vanhu nezvinhu zvakachengetedzwa. Mazuva ano tiri kuona kuti nyaya yekuchengetedzwa inyaya yakakurisisa. Vanhu vanenge vachishanyira dzimwe nzvimbo tinoona vachitevedzera mirairo inenge yakaiswa inenge iri maererano nekuchengetedzwa kwavo kunhandare dze ndege, nemumahotera. Vashanyi vakawanda vakungotevedzera zvese zvinechekuita nekuchengetedzwa kwavo. Mamwe mahotera anezvisungo zvinofanirwa kutevedzera nevanoashanyira. Zvinhu

zvinonyadzisa zvikuru kana tichibvisiswa shangu nemabhandi, kunhandare dze ndege asi tinongozvitevedzera nekuti kunenge kuchitevedzwa mitemo yekuchengetedzwa vamwe vanenge vachizokwirawo ndege dzacho.

Zvinosiririsa kuti kunyangwe zvakadaro kune magandanga arikuramba achikonzeresa mvonga mvonga muhupenyu hwevanhu vanenge vasina mhosva yavanenge vapara. Saka takachengeteka kusvikira papi? Bhai-beriri rinoti, “Achakufukidza nemanhenga ake uye uchatizira pasi pemapapiro ake: Zvokwadi yake inhowo huru neduku.” Kana vanhu vavekuvimba nesimba ravo, pfungwa dzavo uye kuzviitira Mwari vanosuduruka kubva pazviri, tongoona kutambudzika kwevanhu. Mwari ndivo vanofanirwa kukosheswa muhupenyu hwedu. Ndivo muchengetedzi, mudziviriri nemurwiri wedu. Unenge wakachengeteka kana uri munaKristu. Mwari vanoshandisa zvinhu zvakazvidzika kuti vakunde vane huchenjeri. Zvinoreva kuti zvinenge zvashorwa nepfungwa dzemunhu zvichinzi hazvishande hazvibatsire, ndizvo zvinoshandiswa naMwari kuti vachengetedze iwe nemhuri yako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine vatumwa varipabasa rekundichengetedzwa ndichibuda nekupinda. Handisi ndega, nharaunda yangu yakachengetedzwa uye ndina Mwari kurutivi rwangu, Hapana anondivhiringidza nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA :** Jobho 5:19

## SCRIPTURE PASSAGE FOR PROTECTION

### ISAIAH 54:

14 I AM BUILD SOLID, GROUNDED IN  
RIGHTEOUSNESS,  
FAR FROM ANY TROUBLE—NOTHING TO  
FEAR!  
FAR FROM TERROR—IT WON'T EVEN COME  
CLOSE!

15 IF ANYONE ATTACKS ME,  
I WILL NOT THINK FOR A MOMENT THAT  
GOD SENT THEM,  
AND IF ANY SHOULD ATTACK ME,  
NOTHING WILL COME OF IT.

16 GOD CREATED THE BLACKSMITH  
WHO FIRES UP HIS FORGE  
AND MAKES A WEAPON DESIGNED TO KILL.  
HE ALSO CREATED THE DESTROYER—

17 BUT NO WEAPON THAT CAN HURT ME  
HAS EVER BEEN FORGED.  
ANYONE WHO ACCUSES ME  
WILL BE DISMISSED AS A LIAR.  
I AM GOD'S SERVANT SO THIS IS WHAT I CAN  
EXPECT  
GOD WILL SEE TO IT THAT EVERYTHING  
WORKS OUT FOR THE BEST FOR ME."

THIS IS WHAT GOD SAYS TO ME AND  
IT WILL NOT FAIL IN JESUS'S NAME!



## **HAVE YOU RECEIVED JESUS CHRIST YET?**

WE INVITE YOU TO MAKE JESUS CHRIST  
THE LORD OF YOUR LIFE BY PRAYING THIS PRAYER;

“O LORD GOD, I COME TO YOU IN THE NAME OF JESUS CHRIST.  
I BELIEVE WITH ALL MY HEART IN JESUS CHRIST, SON OF THE  
LIVING GOD. I BELIEVE HE DIED FOR ME AND GOD RAISED HIM  
FROM THE DEAD. I BELIEVE HE’S ALIVE TODAY. I CONFESS WITH  
MY MOUTH THAT JESUS CHRIST IS THE LORD OF MY LIFE FROM  
THIS DAY. THROUGH HIM AND IN HIS NAME, I HAVE ETERNAL  
LIFE; I’M BORN AGAIN. THANK YOU LORD, FOR SAVING MY  
SOUL! I’M NOW A CHILD OF GOD. HALLELUIAH!”

CONGRATULATIONS! YOU ARE NOW A CHILD OF GOD.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW  
AS A CHRISTIAN, PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON

**UK: +44 3333 448 612**

**USA +1 240 781 6942**

**RSA +27 51 004 0209**



**The Good News World Helplines**

**USA: +1 (240) 781-6942**

**UK: +44 333 344 8612**

**RSA: +27 (51) 004-0209**

[www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)